



« Dukoraniye ngaha uyu musu kuri iki kirimba, kugira ngo dusubire kwibuka aba bana bacu bapfiriye umuvukano. Tuboneraho gukengurukira Imana ku mutima w'ubutwari n'urukundo yabaronkeje. Abo basore naho bari bakiri bato barashoboye kwanka ivyo bari bategetswe ngo ni batandukane bakwirikije amoko, nabo bakagira bati twebwe turavukana muri Yezu Kristu.

Turabatangarira, dukengurukira Imana yabahaye uwo mutima tutibagiye mbere n'ugushimira abavyeyi babo bari barabahaye indero y'ubuntu n'iy'ubukristu. Dukengurukira Imana kandi, kuri icyo nyigisho yahaye abarundi iciye kuri abo bana, inyigisho itazokwigera ihanagurika naho abo bana bapfuye. Iyaba ari ijambo bavugishije umunwa gusa ryotevye rikibagirwa, ariko ijambo bandikishije amaraso yabo bemeye gusesa, naho hazogira abashaka kurifuta nta n'umwe azoryibagira.

« **Muragaba...** »

Tuje kandi gukenguruka inyigisho baduhaye twebwe twese abarundi, ariko cane cane inyigisho yahaye urwaruka. Rwaruka nta kintu na kimwe cotumye musubiranamwo, nta na kimwe cotumye mwicana ! Mukirondere mukimbwire ! Ariko mwohejwe n'abantu bamwe bamwe barondera inyungu zabo, mwama musanga babataye mu rudubi. None ivyo vyokwama bibabako kandi ubwenge mubufise ? Muragabe! Mugire urukundo rutagira imbibe, rudasobanura kandi mugire n'umutima wugurutse».

Ivyabaye

« Hari kw'igenekerezo rya 30 Ndamukiza mu mwaka w'1997, Iseminari ntoyi y'i Buta yitiriwe Paulo mweranda yaratewe. Niko hari mu ngwano, ariko abo bana batewe nta

bikorwa vy'ingwano barimwo, batewe bariko barabandanya igikorwa cari carabazanye co kwiga, mbere babasanze mu buryamo. Ababateye bababwiye ngo ubu nyene mutandukane ; abahutu ukwabo, abatutsi ukwabo. Bafashijwe na Mutima Mweranda, bafashijwe n'ukwemera Imana kwabo n'ibatisimu imwe ibagira abana b'Imana, ntibadidinganije ; bagize bati oya ntidutanduka kuko turavukana ! Abo bari babateye baciye babasasika. Hari abaciye bagwa aho nyene, abandi baguye iyo bari bajanywe kuvurirwa, hari n'abandi bakomeretse n'abavunaguritse amagufa ariko bahavuye barokoka ».

« **Geza aho** » !

« Ivyo vyose tubiravye n'amaso yacu birasiga ubwenge ! Ko abarundi twama turiko turicana Imana yadusangije igihugu kimwe c'Uburundi. Dukenyere tubumaraniremwo kandi tuzi ko hariho ibihugu vyinshi vyo kw'isi ababibamwo babana mu mahoro kandi bari mu migwi myinshi no mu moko menshi kuruta twebe ?

None ivyo bintu ni ibiki? Biva he? Biva kuri nde ko bitava ku Mana ? Ikibabaje kuruta ni uko tuvuyamamwo tukama twabisubiyemwo, ukamenga ntitugomba kwigishwa n'ivyo twibonera n'amaso yacu... Ni kuki twama turiko turatanako imyikomo, ngo ni ba naka batanguye. Turafise abantu benshi b'incabwenge bize bodufashije gutora umuti w'ico kibazo kiduhanze, ariko kumbure harabuze umutima, kuko ubwenge bwobwo ari bwonyene burashobora gutegura ikibi.

Abo bana batubwira bati: “Ntimubandanye, ni mureke kwiyambika ibara, gez'aho”!

